



Pou Piblikasyon Imedya: 06/10/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE LWA “MONTE LAJ” LA, K AP POZE SELE SOU TOUT KONDANASYON KI PA VYOLAN, AP ANTRE AN VIGÈ APATI 7 OKTÒB

Moun Nenpòt ki Laj ki Pase 10 an san Komèt Krim ka Aplike nan Tribinal la pou Mande yo Poze Sele sou De Ofans pou pi plis

Menm si yo Dakò Poze Sele sou yon Dosye, I ap toujou Disponib pou Lapolis fè Travay li

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon dispozisyon nan lwa istorik “Monte Laj” (“Raise the Age”) eta a - ki pèmèt moun ki pase 10 an san komèt krim mande pou yo poze sele sou sèten kondanasyon nan Eta New York - ap antre an vigè demen, samdi 7 oktòb. Chanjman sa a se yon rezilta efò san souf Gouvènè Cuomo ap fè pou elimine baryè ki pa nesèsè nan kad opòtinite ak travay pou moun ki te nan prizon anvan, epi pou amelyore jistès ak efikasite sistèm jistis kriminèl eta a.

“Moun New York ki respekte lalwa pa ta janm dwe make avi poutèt yon kondanasyon kriminèl ki pa vyolan, alòske yo tounen moun ki mache dwat”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Dispozisyon istorik ‘Monte Laj’ la pral ede tout moun ki kalifye, kèlkeswa laj yo, rekòmanse a zewo, epi li pral amelyore sekirite piblik paske I ap met fen a sèkvisye residivism lan yon fwa pou tout.”

Nouvo dispozisyon an pèmèt moun ki kalifye prezante yon petisyon nan tribinal la pou mande yo poze sele sou (pou pi plis) de kondanasyon pou deli; yon deli ak yon kondanasyon kriminèl; oswa yon kondanasyon kriminèl. Pou li kalifye, yon moun dwe pa gen okenn kondanasyon sou dosye li pou omwen 10 an, e li pa dwe gen okenn akizasyon ki annatant. Moun ki te nan prizon dwe tann yon deseni pase, apati dat yo lage yo a. Gen dosye ki pa ka sele, tankou paregzanp kondanasyon pou krim seksyèl oswa nenpòt ofans ki mande yon moun enskri kòm delenkan seksyèl; pònografi timoun; omisid volontè, omisid envolontè, ak lòt akizasyon omisid; sèten akizasyon pou konplo; ak nenpòt krim lalwa defini kòm yon klas A oswa yon krim vyolan.

Yo ka poze sele sou tout dosye tribinal piblik yo, epitou sou dosye Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl (Division of Criminal Justice Services) eta a. Dosye ki pa ladan se achiv tout dosye antesedan kriminèl New York, epitou dosye lapolis. Yon fwa yo poze sele sou dosye yo, se nan sèten sikonstans sèlman yo ka bay enfòmasyon sou kondanasyon yo, tankou paregzanp bay lapolis leta oswa lapolis federal k ap fè travay yo oswa pou

rezon anbochaj; epi fonksyonè k ap bay pèmi pou pistolè. Moun ak avoka yo tou ap gen aksè a enfòmasyon sa yo. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

Seymour W. James, Jr., ki se Avoka An Chèf nan Sosyete Èd Legal la (Legal Aid Society), te deklare: “Malerezman, anplwayè ki soti nan tout kwen Vil New York refize bay kliyan nou yo ak sèten lòt moun travay, poutèt yon kondanasyon pou yon zak ki pa vyolan, e ki te fèt depi omwen dizan. Lwa sa a pral ede anpeche plizyè milye moun New York vin nan sitiyoasyon sa a, e moun sa yo ap gen opòtinite pou finalman sele dosye sa yo. Sosyete Èd Legal la bat bravo pou Gouvènè an poutèt li siyen lejislasyon sa a, e n ap kontan travay avèk kliyan nou yo ak lòt moun tou, pou korije enjistis sa yo.”

Michael C. Green, ki se Komisè Egzekitif Adjwen Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl Eta yo, te deklare, “Dispozisyon sa a atenn de objektif enpòtan: Li pèmèt yon moun ki kalifye e ki te respekte lalwa pandan omwen 10 an vin gen chans pou kondanasyon li an pa piblik ankò, e an menm tan li asire lapolis, sèten otorite k ap bay pèmi, ak sèten lòt moun, kapab jwenn enfòmasyon ki sele yo lè sa enpòtan nan kad desizyon y ap pran konsènan moun sa a.”

Jennifer March, Direktè Egzekitif, Komite Sitwayen pou Timoun yo (Citizens’ Committee for Children), di konsa, “Nou vrèman kontan wikenn sa a make antre an vigè lejislasyon ‘Monte Laj’ la. Nouvo dispozisyon pou poze sele an pral chanje lavi anpil moun New York ki mache sou liy dwat kounye a, e ki p ap soufri ankò poutèt konsekans kolateral yon kondanasyon kriminèl ki gen plis pase dizan. N ap kontan gaye pawòl la e mete ann aplikasyon nouvo dispozisyon pou poze sele yo, epi n ap kontinye travay avèk patnè nou yo, andedan e andeyò gouvènman an, pou asire yon aplikasyon efikas lwa ‘Monte Laj’ la.”

Naomi Post, Direktè Egzekitif, Fon Defans pou Timoun (Children’s Defense Fund), di konsa, “Gen anpil moun ki afekte pa sistèm jistis la; yo respekte lalwa kounye a, e yo merite yon dezyèm chans - anpil nan yo pa an mezi vanse pou pi devan poutèt yon kondanasyon kriminèl pou yon krim yo te komèt lè yo te jèn. Dispozisyon sa a, pou poze sele sou dosye yo, bay moun ki satisfè kritè yo yon chans pou elimine baryè nan kad senten opòtinite tankou lojman, travay, edikasyon siperyè, ak plis ankò.”

Laurie Parise, Direktè Egzekitif Youth Represent, di konsa, “Pèmèt moun evite make avi poutèt yo gen yon dosye kriminèl, se pi bon fason pou ankouraje yon re-entegrasyon asiksè e bay yo opòtinite, sitou si moun sa yo jèn. Lwa sou poze sele a, ki antre anvigè jodi a nan kad lwa ‘Monte Laj’ la, se yon etap enpòtan, epi n ap kontan ede kliyan nou yo poze sele sou dosye yo.”

Scott D. McNamara, Avoka Leta nan Konte Oneida e Prezidan Asosyasyon Avoka Leta (District Attorneys’ Association) nan Eta New York, te deklare, “Selon eksperyans mwen kòm avoka leta, mwen wè anpil ka kote yon moun fè yon sèl move chwa, ki vin lakòz yon kondanasyon minè, epi kondanasyon sa a limite opòtinite yo pou tout rès vi yo. Dispozisyon sa a bay moun ki pwouve yo p ap fè krim ankò, kapasite avanse e vin konpetitif sou mache travay la. Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo pou lidèchip li nan kad pwoblèm sa a. Se yon lòt egzanp avoka leta ki met tèt ansanm avèk Lejislatè ak Gouvènè an pou amelyore sistèm jistis kriminèl nou an.”

Avoka Ladefans Piblik Konte Cattaraugus, Mark S. Williams, Prezidan Asosyasyon Chèf Defansè (Chief Defenders Association) nan New York, di konsa, “Se yon etap enpòtan nan Eta New York. Moun yo akize e ki endijan nan eta a ap kontan rekòmanse a zewo, e gade pi devan san yo pa bezwen enkyete yo poutèt yon erè yo te fè nan lefase. Onon tout kominote defansè yo, nou rekonesan anvè Gouvènè a ak Lejislati a pou gwo etap sa a. Anpil nan nou deja pale ak kliyan nou yo e nou pare pou ede yo jan nou kapab pou yo poze sele sou pase yo epi vanse pou pi devan.”

Paul N. Samuels, Prezidan e Direktè Sant Aksyon Legal la (Legal Action Center), te di konsa, “Nouvo lwa pou poze sele sou dosye a ofri opòtinite enpòtan bay moun ki te jwenn kondanasyon lontan de sa pou yo poze sele sou dosye yo, kidonk ofri yo plis opòtinite yo pou jwenn travay, lojman ak lòt nesosite nan lavi an, ki te difisil pou jwenn akòz dosye kriminel lan. Lwa sa a se pwodwi bon jan lidèchip Gouvènè an ak sipò bipatit osen Sena a ak Asanble an, epi li reprezante gwo pwogrè pou diminye anpil nan konsekans kolateral danjere kondanasyon.”

Judy Whiting, Avoka Jeneral, Sosyete Sèvis Kominotè (The Community Service Society), di konsa, “Sosyete Sèvis kominotè an felisite Gouvènè Cuomo ak lejislati Eta New York pou lwa istorik sa a. Ansyen dosye kriminel pa vrèman montre anyen, men yo make moun avi epi anpeche moun sa yo jwenn bon travay, yon kote ki desan pou viv, ak edikasyon siperyè. Pandan plizyè ane, moun ki te pote chay yon kondanasyon kriminel byen ansyen - pami lèkèl kliyan Next Door Project nou yo - te mande New York pou pèmèt yo poze sele sou dosye sa yo pou yo pa t piblik. Lwa sa a pèmèt sa, kifè li bay moun toupatou nan eta a opòtinite pou avanse nan lavi yo, soutni fanmi yo e kontribye nan ekonomi eta a.”

Moun ki panse yo kalifye pou poze sele dapre lwa sa a kapab vizite www.nycourts.gov/forms pou jwenn fòm ak enstriksyon ki nesese pou aplike pou poze sele. Lè li resevwa yon aplikasyon pou poze sele, tribinal ki te bay kondanasyon an dwe voye yon avi bay avoka leta ki apwopriye a pou wè si gen yon objeksyon. Si gen yon objeksyon, tribinal la dwe fè yon odyans pou detèmine si y ap poze sele sou kondanasyon an(yo).

Eta New York pral monte laj responsablite kriminel nan eta a, pou fè l pase de 16 a 18 an, nan dezan k ap vini yo. Jiridiksyon jivenil pou moun ki gen 16 an ap rantrè anvigè apati 1^{ye} Oktòb 2018, e 1^{ye} Oktòb 2019, se va tou moun ki gen 17 an daj. Lwa “Monte Laj” la, ansanm ak dispozisyon pou poze sele a, fè pati jefò Gouvènè Cuomo ap fè pou amelyore sistèm jistis kriminel eta a, e louvri baryè pou moun ki gen kondanasyon kriminel.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418